

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonesia mangrupa nagara nu diwangun ku sababaraha sékésélér. Unggal sélér miboga kabudayaan anu béda-béda jeung wewengkon séjénna. Hal ieu tangtu ngahasilkeun kajembaran budaya nu miboga ciri has sarta kaunikan séwang-séwangan. Kabeungharan budaya nu aya di Indonesia ieu mangrupa barokah, ku kituna urang salaku masarakat Indonesia geus kuduna sukuran kana hal éta. Salian ti sukuran, ogé kudu dimumulé sarta dijaga eksistensina sangkan henteu tumpur ku jaman nu masarakatna geus teu pati maliré kana budaya nu aya. Budaya jadi salah sahiji cicirén bangsa Indonesia nu mawa ka *mata* internasional minangka nagara nu beunghar ku sagala rupa boh unsur budayana boh sumber alamna sarta masih kénéh loba kabeungharan nu séjénna. Hal ieu saluyu jeung naon nu dipertélakeun ku Setiawan (2011: 19) upama kasenian-kasenian tradisional anu “asli” masih hirup séhat tur mekar di sabudeureunana, éta kasenian téh bakal méré kontribusi kana kamekaran kasenian jeung kabudayaan nasional. Kabudayaan anu kompleks ieu mangrupa hasil cipta, karsa jeung karya manusa, tina pikiran tur ngajanggélék jadi hiji produk budaya anu ngandung ajén inajén.

Nurutkeun ahli antropologi Edward B. Taylor dina Widagdho (2010: 19) kabudayaan mangrupa sakabéh unsur kompléks, nu di jerona aya pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, hukum, adat istiadat, jeung kamampuh-kamampuh séjénna nu dihasilkeun ku salah saurang di masarakat. Saterusna Widagdho (2010: 21) yén kabudayaan nya éta sakabéh sistem gagasan, paripolah, jeung hasil karya manusa pikeun nyumponan kahirupanna ku cara diajar, nu sakabehna disusun dina kahirupan masarakat. Tina pedaran di luhur, bisa dicindekeun yén kabudayaan mangrupa hasil tina sawangan manusa boh mangrupa aturan hirup

kumbuhna kayaning pangaweruh, boh élmu kapercayaan nu diagemna nu ditarima ku sakabeh masarakat tur dijadikeun cecekelan dina kahirupanana.

Sakumaha nu disebutkeun di luhur, sélér bangsa naon waé jeung di mana waé tangtu ngabogaan budaya séwang-séwangan, upamana, tina pakéan, adat istiadat, kadaharan, wangun imah jeung kasenian. Éta budaya téh dicekel pageuh ku unggal masarakatna digunakeun pikeun ngatur sagala kahirupan sapopoéna, ti jaman bihari nepi ka kiwari. Kabudayaan tradisional ieu masih aya kénéh nepi ka kiwari ngan sabagian masarakat geus teu ngaprésiasi kana kayaanna. Tapi di sababaraha daérah ieu budaya tradisional téh masih aya tur diaprésiasi ku masarakatna, saperti adat istiadat upacara sérén taun di Kuningan, upacara hajat laut di Désa Waru Duwur Kabupatén Cirebon, seni *Gaok* di Majalengka, jsb.

Kasenian mangrupa hasil tina kabudayaan anu miboga ajén nu luhur, kasenian bisa ngaréfléksikeun kaayaan kahirupan jeung budaya masarakatna. Wanda kasenian di Indonesia nurutkeun Rohidin (2000: 209-210) dibagi kana tilu bagian, nya éta 1) kasenian anu sifatna lokal atawa tradisional; 2) kasenian umum; jeung 3) kasenian formal. Kasenian anu sifatna lokal atawa tradisional biasana sok dianggap jadi bagian tina kahirupan masarakatna, sarta hirup di lingkungan sékéseler anu tangtu.

Kasenian tradisional nu biasa disebut kasenian rakyat mangrupa seni anu pangmimitina gelar di dunya. Seni ieu ogé biasa disebut kasenian daérah sabab miboga sipat nu masih asli (Mustofa, 1997: 72). Kasenian tradisional geus jadi ciri has budaya nu tangtu aya di unggal wewengkon. Di Indonesia aya mangpirang-pirang kasenian tradisional nu masing-masing boga ciri nu mandiri. Jawa Barat miboga kasenian tradisional nu bisa ngirut jeung loba rupana. Wewengkon nu mayoritasna sékésélér Sunda ieu téh boga rupa-rupa kasenian nu ragamna béda unggal wewengkon. Ieu unsur budaya téh henteu ngan dijadikeun hiburan baé ku masarakatna, tapi dijadikeun media pikeun ngedalkeun rasa sukur kana hasil panén nu mucekil. Kiwari loba masarakat nu teu wanoh kana kasenian tradisional, salah sahijina nya éta kasenian *Gaok*.

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran

Maca di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Dumasar buku *Profil Kesenian Daerah Kabupaten Majalengka* (2005: 7) nu dituliskeun ku Kusnadi, yén Kasenian *Gaok* sumebar di Majalengka sanggeus asupna Agama Islam di Désa Kulur Kabupatén Majalengka kira-kira dina abad ka 15. Harita Pangeran Muhammad keur bajoang nyebarkeun ajaran Islam di Kabupatén Majalengka. Pikeun médiumna ngagunakeun kasenian *Gaok*, minangka kasenian tradisonal anu geus kapangaruhan ku budaya Islam. Hal ieu katitén tina cara magelarkeunana sok dimimitian maca *bismillah* jeung nembangkeunana jiga nu keur adzan. Kasenian ieu kaasup kana sastra jenis “mamacan” atawa disebut wawacan singkatan tina wawar ka anu acan. Nurutkeun Harsojo (Koentjaraningrat, 2004:309) wawacan nya éta carita nu wangunna puisi sarta dibacana ku cara ditembangkeun saperti wawacan *Rengganis* jeung wawacan *Purnama Alam*. Tapi sabenerna wawacan dina basa Sunda mah hartina maca teks. Dina taun 1963 seni tradisional *Gaok* kombinasi Sinar Kiara Rambay mimiti sumebar di Désa Kulur Kabupatén Majalengka anu dipingpin ku Abah Rukmin.

Dina prak-prakkan magelarkeunana, ieu kasenian biasa dipintonkeun teu maké panggung jiga pagelaran nu lianna, tapi di buruan imah nu boga hajat. Biasana ieu kasenian ditanggap ku anu keur pakaulan, misalna dina hajat ngawinkeun, nyundatan, atawa dina acara ritual séjénna kayaning upacara adat mipit paré jeung acara ngayun. Ieu kasenian mangrupa salah sahiji simbol tina rasa syukur masarakat kana hasil tatanén jeung kana sagala hal anu matak nyugemakeun ka dirina. Saméméh pagelaran biasana sok dimimitian heula ku hadorohan, sabada réngsé ditéma ku pintonan utama nya éta seni *Gaok*. Hadorohan téh mangrupa kagiatan ngirim du'a ka Gusti Alloh, ku cara maca solawat nabi sarta surat-surat pondok saperti Al-Fatihah, Al-ikhlas, jsté. Dilaksanakeunna ieu kagiatan, miboga tujuan pikeun ménta kalancaran dina magelarkeun éta kasenian. Ayana pangaruh budaya nu sifatna islami jelas pisan kagambar tina istilah hadorohan. Waktu dina mintonkeun seni *Gaok* biasana dilaksanakeun sapeuting jeput, ngan kiwari ukur sajam dua jam dipintonkeunnana

gumantung kana pesenan nu nanggap atawa gumantung kana nguranganna jumlah nu nongton.

Salian ti hadorohan, biasana seni *Gaok* sok dimimitian ku sasajén nya éta tujuanna pikeun ngahormat sarta méré sasajén ka karuhun, nu dituluykeun ku meuleum menyan (Kusnadi, 2005: 8). Tapi, ayeuna mah teu dimimitian deui ku meuleum menyan. Wanda carita *Gaok* kabagi jadi dua, nu kahiji nya éta carita buhun nu nyaritakeun carita jaman baheula, kaduana nya éta carita galur nu nyaritakeun kahirupan manusa jaman kiwari. Waditra anu digunakeun waktu keur pupuh ditembangkeun nya éta goong gedé jeung kempul, ditambahan ku kendang, kecrék jeung tarompét. Asalna mah waditra nu digunakeun téh goong buyung jeung songsong sarta kecrék nu dijieun tina awi, tapi nalika ayana parobahan jaman waditra nu digunakeun ogé leuwih *variatif*. Sakumaha nu dipertélakeun ku Setiawan (2011: 16) yén sanggeus kapangaruhan ku kabudayaan bangsa kulon anu dibawa ku Walanda, kamekaran kagiatan kasenian di Indonesia loba nu robah. Sababaraha warna kasenian nunjukeun sikep narima kana pangaruh ti bangsa kulon saperti digunakeunna waditra saperti biola, gitar jeung sajabana dina kasenian anu tangtu.

Dina mangsa kiwari, masarakat geus teu wanoh kana wanda budaya Sunda, salah sahijina kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka ieu. Kasenian ieu geus ampir tumpur di jamanna. Ieu hal téh disababkeun ku ayana *degradasi* méntal generasi-generasi kiwari nu nganggap yén kasenian tradisional teu ngirut deui, mun ditilik tina jihat hiburan sarta ceuyahna pangaruh budaya deungeun nu asup ngaliwatan média-média éléktronik. Salian ti éta, sabab musabab tumpurna ieu kasenian téh kurangna pangrojong atawa partisipasi boh ti masarakat boh ti pamaréntah saperti Dinas Kebudayaan dan Pariwisata (Disbudpar) kabupatén Majalengka. Nu jadi sabab musabab séjénna ieu masalah ogé ku salahna para pamingpin nagara urang nu nerapkeun sistem sakola di sakabéh wewengkon Republik Indonesia.

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran

Maca di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Sakumaha anu ku urang dipikaweruh, yén kurikulum pendidikan di ieu nagri geus sababaraha kali ngalaman parobahan, saperti Kurikulum 1994, Kurikulum 1999, CBSA, KBK, KTSP sarta nu ayeuna Kurikulum 2013. Ieu hal dilaksanakeun, ku ayana kahayang menteri pendidikan pikeun ngahontal tujuan pendidikan nasional. Tapi kanyataanana, ku ayana parobahan kurikulum KTSP jadi kurikulum 2013 ieu, akibatna aya sababaraha mata pelajaran anu dileungitkeun saperti TIK. Salian ti éta, basa Sunda ogé teu asup kana muatan lokal deui, tapi asup kana Seni Budaya jeung Prakarya. Tangtu ieu hal jadi masalah, hususna pikeun para guru Basa Sunda jeung masarakat Sunda tur generasi-generasina. Ku sabab, dianggep ngaleungitkeun *jati diri* urang Sunda. Ku kituna, pikeun ngawanohkeun deui ieu kasenian, nu jadi sasaranana nya éta para siswa. Panalungtik miboga rarancang pikeun nyieun materi pangajaran maca, nya éta ngeunaan pedaran kasenian *Gaok* nu aya di Désa Kulur.

Lian ti ngawanohkeun ieu kasenian nu hampir tumpur, dipiharep ku ayana panalungtikan nu dilaksanakeun di Désa Kulur ieu bisa ngarobah anggapan jeung sikep para rumaja kana kaayaan anu leuwih hadé sarta aya kahayang pikeun ngamumulé ieu kasenian. Tujuan séjén luyu jeung pernyataan Sedyawati (2006: 307) yén tujuan diajarkeunna seni téh pikeun mekarkeun kamampuh dina *penghayatan estetik* ka para siswa. Ieu hal luyu jeung SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda, diajar sastra mangrupa sarana diajar pikeun ngahargaan ajén-ajén kamanusaan sarta ajén-ajén kahirupan.

Pangajaran ngaliwatan materi pedaran ngeunaan Kasenian *Gaok* ieu dipiharep pisan teu ngan saukur méré pangaweruh (kognitif), tapi ogé bisa numuwuhkeun sikep (afektif) sarta kaparigelan (psikomotor). Aya sababaraha alesan nu ngarojong panulis pikeun nalungtik seni *Gaok* di Desa Kulur kabupatén Majalengka di antarana nya éta kahiji, ku sabab kasenian *Gaok* mangrupa wangun karya sastra lisan anu kawilang unik dina cara mintonkeunna sarta mangrupa kasenian asli Majalengka nu perlu dimumulé. Kadua, dina ieu kasenian ngandung ajén-ajén nu jadi cecekelan masarakat Majalengka hususna Désa Kulur dina

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

kahirupan sapopoéna. Misalna dina kalengkepan sasajén saperti bubur bodas jeung bubur beureum anu dihijikeun dina wadah nu sarua, ngalambangkeun yén awéwé jeung lalaki anu geus laki rabi kudu hirup rukun dina kahirupan rumah tanggana.

Hasil panalungtikan anu mutalaah ieu perkara kawilang loba nu geus dilaksanakeun ku mahasiswa lulusan Universitas Pendidikan Indonesia (UPI), saperti nu kaugel dina judul-judul skripsi ieu di handap:

1. *Pertunjukan Seni Gaok Kombinasi Sinar Kiara Rambay di Desa Kulur Kabupaten Majalengka*, ku M. Faezar Ibrahim taun 2011;
2. *Perkembangan Seni Gaok di Kabupaten Majalengka: Kajian Sosial Budaya Tahun 1963-1996*, ku Prima Purnama S. taun 2010;
3. *Kajian Tentang Tradisi “Beluk” Dalam Kaitannya Dengan Pembinaan Moral Masyarakat: Studi Kasus pada Masyarakat Desa Ciapus Kecamatan Banjaran Kabupaten Bandung*, ku Zafar Sidik Permana taun 2009;
4. *Perkembangan Kesenian Beluk di Kecamatan Darmaraja Kabupaten Sumedang Tahun 1966-1998: Suatu Tinjauan Sosial Budaya*, ku Weli Rahayu taun 2010;
5. *Kesenian Beluk Lingkungan Seni Buhun Sundamedal Pada Acara Sukuran di Kampung Cinta Asih Desa Ciapus Kecamatan Banjaran Kabupaten Bandung*, ku Harry Apriandy Yusup taun 2010.

Sangkan leuwih ngajembaran pangaweruh boh ka nu macana boh pangarangna sorangan, panulis baris mertélakeun ajén-ajén budaya nu aya dina ieu kasenian. Ku kituna, tina hasil déskripsi ieu kasenian bakal dijieun artikel ngeunaan Kasenian *Gaok* pikeun materi pelajaran maca ditingkat Sekolah Menengah Atas (SMA) kelas XII. Dumasar alesan di luhur, panulis ngarasa penting pikeun nalungtik leuwih jero ngeunaan ieu kasenian, nu ngajanggélék dina panalungtikan ilmiah nu dibéré judul *Ajén Budaya Sunda dina Kasenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA*

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Kelas XII. Mugia karya ilmiah ieu miboga mangpaat pikeun nu macana dina nambahan pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan kasenian tradisional, sarta méré kasadaran pikeun ngamumulé ieu kasenian.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Panulis ngaidentifikasi jeung ngarumuskeun masalah anu aya sangkan bisa mikaweruh sarta ngajawab masalah anu geus dipedar dina kasang tukang masalah.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Luyu jeung kasang tukang panalungtikan nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan téh baris diwatesan. Pasualan nu baris dipedar dina ieu panalungtikan téh museur kana déskripsi ajén budaya Sunda nu aya dina kasenian *Gaok* pikeun pangajaran basa Sunda, tuluy hasilna disusun pikeun nyieun materi pangajaran basa Sunda di SMA kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, panalungtik ngarumuskeun masalah dina kalimah pananya saperti kieu:

1. Kumaha prak-prakkan kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka?
2. Ajén budaya Sunda naon waé nu aya dina seni *Gaok*?
3. Naha cocog henteu déskripsi ngeunaan kasenian *Gaok* téh dilarapkeun kana bahan pangajaran maca di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina panalungtikan ieu miboga tujuan umum jeung husus, sakumaha nu ditétélakeun ieu di handap:

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun mikaweruh ngeunaan kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka sarta mikaweruh kumaha prak-prakanana seni *Gaok*.

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian *Gaok* di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngadéskrripsikeun:

1. Prak-prakkan kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka.
2. Ajén budaya Sunda nu aya dina kasenian *Gaok*.
3. Nyusun bahan pangajaran maca tina materi kasenian *Gaok* pikeun SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panaluntikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh nya éta mangpaat anu sipatna tioritis sarta mangpaat anu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan ajén budaya Sunda dina kasenian *Gaok*, hususna dina pangajaran basa Sunda pikeun bahan ajar. Salian ti éta, ogé pikeun kaperluan panalungtikan anu leuwih jero keur kahareupna ngeunaan kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis nu dipedar saméméhna. Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis nu dipertélakeun ieu di handap, diantarana nya éta:

1. Ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan salah sahiji kasenian tradisional di Jawa Barat.
2. Pikeun numuwuhkeun kasadaran masarakat kana pentingna ngamumulé kasenian tradisional, hususna seni *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka.
3. Pikeun numuwuhkeun ajén-inajén budaya nu aya dina Kasenian *Gaok*
4. Pikeun nyusun bahan materi pangajaran maca di SMA kelas XII.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian *Gaok* di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Sistematika nyusunna ieu skripsi kabagi kana lima BAB jeung sababaraha sub bagian, susunanna sakumaha ditélélakeun ieu di handap.

Bab I Bubuka eusina ngawengku: kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori anu eusina medar perkara anu aya hubunganna jeung kasenian *Gaok* di Désa Kulur kabupatén Majalengka, saperti konsép kabudayaan (wujud jeung unsur), konsép ajén budaya, konsép folklor, kasenian, pangajaran maca, jeung konsép bahan ajar.

Bab III Metode Panalungtikan ngawengku: subjek populasi panalungtikan, metode panalungtikan, definisi operasional, instrumen panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran sarta solusina

Bab V Kacindekan jeung saran